Visitor Policy

Priyorité Boston Medical Center sé sékirite pasyan nou yo, anplwayé yo ak vizitè yo. Pou nou ka balansé bezwen pasyan nou yo, ak asiré ke nou gen yon lopital an sekirité, nou pral limité kantité vizitè yo akòz KOVID-19.

Pasyan Granmoun ki entène ak Inité Swen Entansif

- Pasyan Chir/Med ki gen KOVID-negatif y'ap pèmèt yo gen de vizitè alafwa, ant midi a 7è pm. Pasyan ICU yo ka gen de vizitè alafwa san restriksyon nan lè'a.
- Pasyan ki KOVID pozif gen dwa pou a vizitè nan sitiyasyon fen lavi sèlman. Pou pasyan ki gen KOVID-19 ki nan fen lavi yo, yo pral pèmèt yo gen yon limit de vizitè sèvi ak PPE apwopriye nan jan ekip klinik la mande yo.
- Pasyan granmoun ki nan fen lavi yo gen pèmisyon pou yon vizitè pase nwit lan avèk li. Chak pasyan ka gen plis pase yon vizitè pandan sejou yo, men pa plis pase yon vizitè pou chak swa. Pasyan ki rete nan chanm doub yo ta dwe fè vizitè kap pase nwit avèl la re-wè ak ekip enfimyè'yo.
- Pasyan ki nan fen lavi gen pèmisyon pou gen plizyè vizitè. Lè gen plizyè vizitè ki vinn vizite yon pasyan sèlman de vizitè yo pèmèt alafwa. Yo ka pèmèt yon kantite anplis pou yon ti tan nan sikonstans espesyal ak apwobasyon lidèchip enfimyè inite ak ekip klinisyen yo . Orè vizit pou pasyan nan fen lavi yo ka pwolonje selon diskresyon direktè enfimyè pou inite'a.
- Timoun ki ka mete mask yo gen pèmisyon pa ekip swen inite swen entansif yo pou pasyan ki nan fen lavi yo <u>sèlman</u>.

Pasyan Pedyatri ki entène/ NICU

- Pou pasyan pedyatrik yo, tankou pasyan NICU yo, de paran/responsab legal ka vizit. Nou ka vizite 24 trè sou 24, 7 jou sou 7.

Travay ak Akouchman

- Se yon sèl moun sipò ki otorizé rété pandan akouchman pasyan an ak apré akouchman.
- Vizitè ki gen 2 zan ak plis yo ka vini kote apre akouchman yo si yo mete mask yo kòrèkteman.

Klinik Ambilatwa

- Yon sèl vizitè pa pèsòn ka vini pandan yon visit klinik anbilatwa.

Depatman Ijans

- Depatman Ijans pou Adilt: Yon sèl vizitè ak pèmisyon ekip swen an. Jeneralman vizitè yo pa ka rete pou plsi pase 15 minit.
- Depatman Ijans pou Timoun: De paran/responsab legal kapab ansanm ak timoun nan.

Sèvis chirijikal

- Yon sèl vizitè pa pèsòn pou paysan ki pral fè operasyon yo.

Tout Vizitè

- Tout vizitè yo dwé gen 18 tan oswa plis pasé sa épi (sof pou sitiyasyon yo ki dekri pi wo a) tou yo pral fè tès dépistaj pou yo pou sentòm enféksyon KOVID 19. Vizitè ki malad oswa ki gen nenpòt sentòm (lafyèv, tous, souf kout, gòj fè mal, frison, mis, kò fè mal, oswa nouvo aparisyon ,pèdi gou bouch ak sant) pa ka rann vizit nan **<u>nenpòt</u>** sikonstans.
- Tout vizitè pral resevwa yon mask chirijikal lè yo rivé é yo oblijé meté mask la toutan jiskaské yo kité batiman an, menm jan ak pratiké ijyèn pou men ak kenbé distans sosyal.
- Vizitè yo pral résévwa enstriksyon pou reté nan chanm pasyan pandan diré vizit la.
- Yo pral mande pou pasyan yo mété mask pou tout tan vizitè yo nan chanm yo.